



Pou Piblikasyon Imedya: 21/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KALANDRIYE GWO EVÈNMAN PANDAN ANE 2024-2025 NAN LOKAL OTORITE DEVLOPMAN REJYONAL OLENPIK YO

Chanpyona Mondyal ak Koup di Mond nan twa espò diferan nan kalandriye 2024-25

Òf pou òganize Je Milano Cortina an 2026 gen pou l vin tounen yon lokal sipò pou evènman Bobsled, Luge ak Skeleton

Lake Placid – Syèj Je Olenpik divè 1932 ak 1980 yo – Kontinye atire pi bon atlèt mondyal yo nan Eta New York

Li baze sou angajman Gouvènè a pou sipòte endistri touris New York la ki koute 123 milya dola

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kalandriye evènman 2024-2025 Otorite Devlopman Rejyonal Olenpik Eta New York (Olympic Regional Development Authority, ORDA) ki gen evènman Koup di Mond nan twa espò diferan ak Chanpyona Mondyal Federasyon Entènasyonal Bobsled ak Skeleton (International Bobsled & Skeleton Federation, IBSF) ki fikse pou mas 2025. Anons sa a vini apre konklizyon Je Olenpik Ete Paris 2024 ak siksè Ekip Etazini an, ki ranpòte yon total enpresyonan 126 meday, ki gen ladan 40 meday dò.

"Avèk dènye envestisman eta a pou renove enfrastrikti espò nan Lake Placid, n ap pouswiv angajman nou an favè eritaj dirab prestij atletik nan North Country," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè n ap òganize yon pakèt evènman enteresan pandan mwa k ap vini yo, n ap eksplore istwa rejyon an ak estimile enfrastrikti a ak posibilite li ofri yo."

Pwen esansyèl nan kalandriye 2024-2025 Otorite Olenpik la gen ladan Seri Mondyal Bisiklèt nan Montay Inyon Siklis Entènasyonal (Union Cycliste Internationale, UCI) WHOOP ki te fè premye aparisyon li nan Lake Placid nan dat 27 rive 29 septanm, kote aprè li te gen Koup di Mond Federasyon Entènasyonal Eski ak Planch (International Ski and Snowboard Federation, FIS) ki te retounen nan dat 18 ak 19 janvyè, ak Koup di Mond So ak Eski FIS la, ki pral genyen kounye a konpetisyon gason ak fanm, nan dat 7 rive 9 fevriye. Chanpyona Mondyal IBSF yo pral dewoule sou de semèn, soti 6 mas jiska 16 mas.

Lòt gwo evènman remakab nan kalandriye a se Chanpyona Mondyal Junior FIS pou so ak eski ak Nòdik konbine nan dat 11 rive 16 fevriye, final Nòdik SuperTour soti 27 rive 30 mas, ak de gwo tounwa inivèsitè Hockey - Adirondack Invitational (29 ak 30 novanm) ak chanpyona Konferans Espòtif Kolèj Lès (Eastern College Athletic Conference, ECAC) Hockey gason yo (21 ak 22 mas) - nan Sant Olenpik la.

Komite Òganizatè Je Milano Cortina 2026 te pibliye yon apèl dòf nan dat 1 novanm 2023, kote yo t ap chèche yon pwopozisyon akèy nan men Komite Nasyonal Olenpik yo pou jwenn yon lokal sipò pou espò glisman (bobsleigh, skeleton, luge). Nou ankouraje vil akèy yo pou yo itilize lokal ki deja egziste ak sa ki tanporè yo, ki ka repati sou plizyè vil, reyon oswa peyi. Komite Olenpik ak Paralenpik Etazini (United States Olympic & Paralympic Committee, USOPC) te soumèt òf Lake Placid – Eta New York bay Komite Olenpik Entènasyonal (International Olympic Committee, IOC) nan dat 1 desanm 2023. Pwopozisyon an prezante yon solisyon dirab pou òganize ak enspire yon nouvo jenerasyon an patenarya ak Milano Cortina epi li sipòte investisman Eta a nan enstalasyon Otorite Olenpik yo, espò ivè entènasyonal nan Lake Placid, avèk foug Little Italy ak Vil New York pou selebre atlèt yo ak espò. Òf Lake Placid-Eta New York la toujou yon konkiran yo ka deziyen kòm solisyon Plan B pou bobsled, luge ak skeleton.

Seri Mondyal Kous Bisiklèt nan Montay WHOOP UCI, 27 rive 29 septanm - Mt Van Hoevenberg

Sezon Koup di Mond Otorite Olenpik, ke yo rekonèt istorikman pou òganize evènman ivè yo, kòmanse otòn sa a, soti 27 rive 29 septanm, nan Mt Van Hoevenberg, ak Seri Mondyal Kous Bisiklèt nan Montay WHOOP UCI ki kòmanse nan Lake Placid. Pi bon siklis nan montay gason ak fanm nan mond lan pral fè konpetisyon nan twa kous Koup di Mond diferan- Cross-country Olympic (XCO), Cross-country Short Track (XCC), ak Cross-country Marathon (XCM) - avèk pri sou fòm lajan ak pwen nan klasman jeneral ki anje. Teren Cross-country a pral gen ladan moun ki te fèk pran meday nan Je Olenpik Pauline Ferrand-Prévo, Haley Baten, Tom Pidcock ak Victor Koretzky ansanm ak lejand nan espò a tankou Nino Schurter kounye a ki dezyèm nan klasman jeneral UCI a. Meday dajan Baten nan Paris se te pi bon rezilta pou yon kourè Ameriken nan Je Olenpik yo.

Jan Gouvènè Hochul te deja anonse l byen bonè ane sa a, Otorite Olenpik la ak Warner Bros. Discovery Sports, pwomotè mondyal ki jere difizyon, pwomosyon, ak òganizasyon Seri Mondyal Bisiklèt nan Montay WHOOP UCI a, te konkli yon akò twazan pou òganize kous yo epi ede devlope disiplin nan atravè lemond. Yo pral difize evènman Lake Placid la sou sant B/R Sports sou sèvis difizyon Max la nan Etazini. Tikè ak plis enfòmasyon sou evènman an disponib [isit la](#).

Koup di Mond So Akwobatik FIS, soti 18 rive 19 janvyè - Konplèks Olenpik So

Konpetisyon gason ak fanm Koup di Mond So Akwobatik FIS la retounen nan Konplèks Olenpik So (Olympic Jumping Complex) pou premye fwa depi 2019 nan dat 18 rive 19 janvyè 2025. Yon espò Olenpik depi Je Lillehammer 1994, so yo se yon disiplin

espektatè yo renmen, ki montre atlèt yo k ap fè so, piwèt ak tòde akwobatik anlè a epi yo fè nòt ki baze sou kantite total so yo, fòm, ak aterisaj ki reyisi.

Lake Placid se youn nan uit Koup di Mond So FIS nan kalandriye 2024-2025 la epi li pral genyen eprèv endividyèl gason ak fanm ak yon eprèv an ekip melanje. Sezon an kòmanse 24 novanm 2024, nan Ruka, Fenlann, epi fini ak Chanpyona Mondyal ki kòmanse 30 mas 2025. Lake Placid, yon etap regilye nan sikwi Koup di Mond So FIS la ant 1985 ak 2019, se dezyèm Koup di Mond So nan sezon 2024-2025 la.

Ekip So Ameriken an te tradisyonèlman fò. Christopher Lillis, yon atlèt yo te bay meday dò nan Je Olenpik epi ki se natif natal nan Rochester, nan New York, te monte sou plizyè podyòm nan Koup di Mond ane pase a ki te pèmèt li klase nan twazyèm plas klasman jeneral. Winter Vinecki, nan Michigan, te ranpòte twa Koup di Mond endividyèl ane pase epi li te klase dezyèm nan pwen jeneral FIS, tou pre Danielle Scott nan Ostrali.

Koup di Mond So ak Eski FIS, soti 7 rive 9 fevriye - Konplèks Olenpik So

Aprè yo te òganize yon Koup di Mond FIS So ak Eski pou gason pandan de dènye ane yo, Otorite Olenpik te anonse lòt eprèv endividyèl so ak eski pou fanm yo ak yon konpetisyon ekip melanje soti 7 pou rive 9 fevriye sou gwo kolin nan Konplèks Olenpik So a.

Avèk Nika Prevc nan Sloveni ki gen 19 ane kòm gayan Crystal Globe la ak Alexandria Loutitt nan Calgary kòm premye Kanadyen ki te janm genyen yon chanpyona mondyal nan espò a, kontenjan fanm yo ajoute yon nouvo nivo eksitasyon nan fen semèn nan.

Stefan Kraft, ki te vin chanpyon mondyal pwen Koup di Mond 2024 la, te fèmen Koup di Mond la nan Lake Placid an bote ane pase a, lè li te ranpòte konpetisyon endividyèl final wikenn lan nan dènye so nan jounen an. So Kraft te genyen an te ede l depase Lovro Kos, yon Eslovèn ki te ranpòte premye viktwa endividyèl li nan karyè Koup di Mond lavèy. Tate Frantz, yon natif natal Lake Placid, ak ekip frè-sè Annika Belshaw ak Erik Belshaw sipoze dirije ekip ameriken an. N ap jwenn plis enfòmasyon [isit la](#).

Chanpyona Mondyal IBSF Bobsled and Skeleton, soti 6 rive 16 mas - Mt Van Hoevenberg

Chanpyona Mondyal IBSF yo se evènman bobsled ak skeleton ki pi enpòtan nan sezon an, ki bay pi bon atlèt glisman nan mond lan yon opòtinite pou reyalize moman ki desizif nan karyè yo. Mt Van Hoevenberg te òganize Chanpyona Mondyal Bobsled nèf fwa depi 1949, ki gen ladan Chanpyona Mondyal IBSF Bobsled ak Skeleton an 2009 ak 2012. Chanpyona Mondyal IBSF 2025 yo te pwograme okòmansman pou yo fèt an 2021 men yo te ranvwaye akòz pandemi kowonaviris la.

Yo pral kouwone Chanpyon Mondyal yo nan Lake Placid nan sèt disiplin diferan: Bobsleigh Gason a 4, Bobsleigh Fanm a 2, Bobsleigh Gason a 2, Monobob Fi, Skeleton Gason, Skeleton Fi, ak Ekip Melanje Skeleton. Yo pral detèmine gayan yo pa tan

kimilatif sou kat chalè, sa ki estimile atlèt yo pouswiv preparasyon pou Je Olenpik Ivè 2026 Milano Cortina.

Almay te domine depi lontan espò bobsled ak skeleton, ki ranpòte 11 nan 12 meday yo bay nan Chanpyona Mondyal 2025 nan Winterberg, an Almay. Francesco Friedrich, ki te ranpòte meday dò a 2 epi ak 4 nan de dènye Je Olenpik yo, e yo konsidere kòm pi bon pilòt bobsled tout tan, te ajoute nan total rekò 14 tit mondyal li ane pase nan Winterberg. Friedrich prevwa pran retrèt li apre Je Olenpik 2026 yo.

Dènye Chanpyona Mondyal IBSF yo te fèt nan Mt Van Hoevenberg an 2012 lè Steven Holcomb te pilote lij Etazini yo pou ranpòte viktwa nan konpetisyon a 2, a 4 epi an ekip. Holcomb, ki te mete fen nan 62 ane absans meday dò Olenpik a 4 pou Ameriken yo nan Je Vancouver an 2010, te ranpòte aprèsa de meday dajan nan Je Sochi an 2014. N ap jwenn plis enfòmasyon [isit la](#).

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Olenpik la, Ashley Walden, te deklare, "Nou kontan anonse yon kalandriye evènman ki byen chwazi ki mete an valè lokal nou yo, ki itilize nan tout potansyèl yo. Kalandriye a genyen eprèv espò tradisyonèl ivè epi li elaji ane sa a pou enkli ladan espò popilè bisiklèt nan montay nan sezon Je Olenpik pandan Ete a. Avèk kapasite difizyon iltra modèn ak enfrastrikti pou fè nèt ak enèji efikas ki avanse, nou pare pou ofri yon eksperyans eksepsyonèl pou atlèt ak espektatè yo."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development an, Hope Knight, te deklare, "Ansyen sit Otorite Olenpik yo pami sa ki pi bon nan mond lan pou konpetisyon atletik ak gwo evènman, akeyi atlèt ak espektatè ki soti toupatou nan mond lan. Gras a envestisman estratejik Gouvènè Hochul yo, sit modènize yo ap atire plis atansyon ak plis vizitè pase tout tan, sa ap sipòte endistri touris rejyonal ak nan tout eta nou yo ki enpòtan anpil."

Vis Prezidan Empire State Development ak Direktè Egzekitif Touris la, Ross D. Levi, te deklare, "Lokal Olenpik klas mondyal yo nan Lake Placid kontinye atire yon piblik mondyal epi ofri atlèt ak vizitè yo yon eksperyans kategori meday dò. Yon kantite opòtinite ap tann fanatik ak konpetitè k ap vwayaje nan Adirondacks yo pou evènman sa yo, soti nan ebèjman inik rive nan òf manje ak bwason atizanal, aktivite sezonye konvivyèl pou fanmi yo, sa fè li tèlman fasil pou renmen New York."

Senatè Eta a, Dan Stec, te deklare, "Kalandriye 2024-2025 evènman ORDA nan Lake Placid mete aksan sou polivalans ak potansyèl enstalasyon espò klas mondyal nou yo. Avèk envestisman ki sot pase yo nan lokal sa yo ak anons evènman sa yo, mwen kontan ranfòse repitasyon rejyon nou an kòm syèj pou espò, lwazi anplennè ak touris."

Manm Asanble Billy Jones te deklare, "Adirondacks yo gen kèk nan pi bon lokal pou lwazi anplennè nan mond lan e mwen byen kontan ke yo rekonèt nou kòm yon destinasyon prensipal pou konpetisyon mondyal yo. Mwen kontan akeyi tout atlèt yo ak tout espektatè yo nan rejyon nou an epi fè pati evènman klas mondyal sa yo. Mwen vle

remèsye tou tout moun ki travay di ki pèmèt evènman sa yo reyalize nan rejyon nou an."

Sipèvizè North Elba, Derek Doty, te deklare, "Vil North Elba kontan anpil konsènan evènman sa yo ki gen pou fèt e li kontan travay avèk ORDA ak Eta New York pou asire plizyè ane dirabilite ak siksè ekonomik nan rejyon an. Nou bat bravo pou travay di ORDA nan pèmèt gwo evènman sa yo reyalize epi n ap tann ak enpasyans sa ki pral vini yo."

Majistra Lake Placid la, Devlin te deklare, "Lake Placid pral viv yon sèt mwa pasyonan. Tout evènman sa yo te posib gras ak lafwa Eta New York te genyen nan North Country, nan amelyorasyon ki fèt nan lokal espò nou yo ak sipò kontinyèl ORDA pou evènman klas mondyal yo ka reyalize. Evènman sa yo se yon bon fason pou nou pèmèt nouvo moun dekouvri Lake Placid epi raple ansyen vizitè yo poukisa yo renmen vini nan Lake Placid anpil. Kit w ap vini nan Lake Placid pandan ivè sa a pou w jwi anpil aktivite ivè yo oswa pou w asiste yon evènman, nou enpasyon pou n wè w."

Dezan de sa, Lake Placid te temwen retou Koup di Mond FIS So ak Eski pou premye fwa nan plis pase 30 ane, ki atire plis pase 15,000 espektatè ki soti toupatou nan mond lan. Anplis, chif sa yo ap gen yon enpak ekonomik korespondan. Ane pase, enpak ekonomik total òganizasyon an te 341.8 milyon dola, yon ogmantasyon prèske 25 pousan parapò ak 273.6 milyon dola twazan anvan. Avèk yon kalandriye evènman ki chaje ki atire pi bon atlèt nan mond lan ak yon seri divès kalite espektatè nan Lake Placid, Otorite Olenpik la kontinye ranpli misyon li pou kreye avantaj ekonomik ak sosyal pou rejyon an nan jere yon fason responsab lokal yo te itilize pandan Je Olenpik Ivè 1932 ak 1980.

Sipò pou Endistri Touris Gouvènè Hochul

Gouvènè Hochul te kenbe yon angajman solid pou sipòte endistri touris New York la – youn nan motè ekonomik kle eta a. Eta New York te akeyi 291.5 milyon vizitè an 2022, pi gwo kantite vizitè nan istwa Eta New York, ki te jenere plis pase 78.6 milya dola nan depans dirèk ak 123 milya dola nan enpak ekonomik total apre envestisman istorik nan touris, devlopman ekonomik, lwazi anplennè, transpò ak lòt sektè kle.

Nan kad angajman sa a, Gouvènè a te sipòte envèstisman enpòtan plis pase 600 milyon dola nan enstalasyon Otorite Olenpik yo pou ede repozisyon Eta New York kòm yon destinasyon espò ivènal mondyal. Envestisman sa yo te sipòte gwo evènman espòtif tankou Je Inivèsité Mondyal Ivè 2023 FISU (2023 FISU Winter World University Games), ki te fèt nan Lake Placid ane pase a. Gwo transfòmasyon ak modènizasyon yo te egzekite ak yon konsantrasyon sou dirabilite ak responsablite finansye. Paralèlman, pwomotè ak òganizatè evènmanWBD Sports dènyèman te reyalize sètifikasyon ISO20121 pou angajman li nan jesyon evènman dirab. Sètifikasyon sa a apwouve kad estriktire ki entegre dirabilite nan pratik jesyon evènman pa yo. Depi pwojè modènizasyon lokal Otorite Olenpik yo te kòmanse, vizit jeneral nan enstalasyon Otorite Olenpik yo te ogmante anpil. Kantite vizitè nan tout lokal yo ansanm te depase yon milyon pou premye fwa an 2022-2023, avèk yon total 1,014,292 vizit.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)